



Pou Piblikasyon Imedya: 11/06/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KONSTRIKSYON PLIS PASE 100 NOUVO
APATMAN NAN PRI ABÒDAB AK SIPÒ NAN BINGHAMTON**

Court Street Apartments pral gen ladan sèvis sipò sou plas; Gwo mezi pou efikasite enèji

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a konstriksyon te kòmanse nan vil Binghamton pou transfòme yon depo vid ak yon bilding biwo pou tounen 111 apatman bon jan kalite, ki nan pri abòdab, plis pase mwaye nan yo pral rezève pou veteran ki pa gen kay ak lòt popilasyon vilnerab ki bezwen sèvis sipò pou viv poukont yo.

"Court Street Apartments pral asire plis pase 100 fanmi ak veteran yo kapab gen mwayen pou rete nan Binghamton pandan yo ap transfòme espas vid yo ki sipòte efò kontinyèl revitalizasyon vil la," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwojè sa montre kijan Binghamton, youn nan premye Kominote an favè lojman nan New York, ap kontinye sipòte lojman abòdab. Ansanm, nou ka kreye devlopman inovatè ki ranfòse rezèv nouvo kay, sipòte popilasyon vilnerab yo, epi pote bilding ki dirab ak efikas nan enèji nan anba lavil nou yo."

Court Street Apartments pral genyen 80 apatman ki reyabilite nan kad reyitilizasyon adapte Atelye pou Bilding Moun Andikape istorik la, ki te bay fòmasyon travay ak swen medikal pou rezidan lokal ki gen andikap fizik ak mantal depi 1947 pou rive 2011. Yo pral fèk konstwi tranteyen bilding kòm yon adisyon nan bilding lan. Tout inite yo pral rezève pou kay ki touche oswa pi ba pase 60 pousan Revni Mwayen Zòn lan.

Nan senk dènye lane ki sot pase yo, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York te kreye oswa konsève plis pase 3,400 kay abòdab nan Southern Tier. Court Street Apartments kontinye efò sa epi li fè pati Plan Lojman konplè Gouvènè Hochul pou 25 milya dola ki pral kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab atravè New York, ki gen ladan 10,000 kay avèk sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

Pwojè elektrik la pral satisfè [Direktiv sou Dirabilite](#) HCR yo pou nouvo pwojè konstriksyon. Mezi efikasite enèji yo pral gen ladan yon sistèm enèji vantilasyon santral rekiperasyon (ERV) pou chofaj ak refwadisman, ponp elektrik a chalè ak ajoute izolasyon pou amelyore kalite lè a epi redwi ekspozisyon ak polyan.

Pral gen 60 apatman ki rezève pou veteran ki san kay ak moun ki soufri pwoblèm itilizasyon sibstans oswa maladi mantal nan kad Inisyativ Lojman Sipò Empire State la. Devlopman an pral bay sèvis sipò sou plas tankou jesyon ka, asistans nan estabilize pwoblèm medikal oswa pwoblèm itilizasyon sibstans, devlope objektif pou travay oswa edikasyon, ak vin pi endepandan.

Court Street Apartments jwenn sipò pwogram Kredi Taks nan Lojman pou Moun ki gen Ti Revni HCR la ki pral jenere ekite apeprè 14.9 milyon dola, 14.8 milyon dola ki soti nan Pwogram Opòtinite Lojman Sipò HCR la, 6 milyon dola ki soti nan Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri (Homeless Housing and Assistance, HHAP) Biwo pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA), 1.2 milyon dola ki soti nan Inisyativ Enèji Pwòp la, ak obligasyon pèmanan ki gen egzansyont taks 700,000 dola. Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation, OPRHP) Eta New York la te fasilite itilizasyon Kredi Taks pou Reyabilitasyon Istorik Federal ak Eta a ke yo estime k ap bay prèske 6.4 milyon dola nan fon pwòp.

[Pwogram pou Kominote an Favè Lojman](#) HCR rekonèt minisipalite yo pou angajman yo genyen pou kwasans lojman. Sètifikasyon kòm kominote an favè lojman se yon kondisyon pou minisipalite yo resevwa jiska 650 milyon dola nan finansman diskresyonè eta a.

Komisè HCR RuthAnne Visnauskas te deklare, "Pwojè sa se yon egzant pwogram Kominote an favè lojman nou an ki an aksyon. Binghamton se te youn nan premye kominote ki sètifye an favè lojman epi nou fyè dèske nou travay avèk Helio Health ak vil la pandan yo ap mete angajman yo nan lojman pou ogmante pwovizyon ak amelyore kalite lavi pou plis pase 100 kay. Mèsi ak Gouvènè Hochul paske li te ouvri wout la nan konbat kriz lojman an ak patnè nou yo paske yo lanse pwojè kreyatif sa a."

Komisè Biwo pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape a, Barbara C. Guinn, te deklare, "Court Street Apartments pral ofri lojman sipò pèmanan pou 60 moun ki te fè eksperyans sanzabri, ki gen ladan veteran ak moun ki gen maladi mantal oswa pwoblèm itilizasyon sibstans, asire yo gen yon kote ki an sekirite pou viv ak aksè a sèvis ki nesèsè pou estabilize lavi yo. Nou rekonesan pou angajman pwofon Gouvènè Hochul pran pou ogmante disponiblite lojman sipò pèmanan pou Nouyòkè vilnerab atravè eta nou an."

Komisè Enterimè Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik nan Eta New York la, Randy Simons, te deklare, "Reyitalize bilding istorik nou yo yon fason pou satisfè bezwen Nouyòkè yo jodi a ede nou atenn plizyè objektif: dirabilite anviwònman an, envestisman kominotè, ak lojman ki an sekirite ak abòdab. Nou bat bravo pou kominote yo ki ap gade resous istorik yo avèk kreyativite epi ki ap jwenn fason pou fè byen sa yo tounen vivan."

Senatè Eta Lea Webb te deklare, "Aksè a bon jan kalite lojman abòdab, ak sipò se yon bezwen enpòtan nan kominote nou an. Mwen apresye moun ki gen enterè kominotè nou yo ki ap fè bilding vid nan Binghamton tounen lojman pou veteran ki san kay yo, moun ak sila ki souffri pwoblèm itilizasyon sibstans. Mèsi Gouvènè Hochul, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York, ak Court St Apartments pou travay kontinyèl n ap fè pou moun ki san kay yo. Avèk enflasyon ki nan yon moman kote li wo anpil; nou ap wè plis moun nan Southern Tier san lojman akoz pri lwaye ak lòt faktè. Apatman ki reyabilite sa yo pral non sèlman ede sanzabri nan Binghamton, men tou itilize enèji dirab nan pwosesis la."

Manm Asanble Donna Lupardo te deklare, "Disponibilite bon jan kalite lojman abòdab rete yon pi gwo priyorite nan kominote nou an. Transfòmasyon planifye Helio Health nan konplèks istorik Atelye pou Moun ki gen Andikap (Sheltered Workshop) la pral sètènman ede satisfè bezwen sa, pandan yo ap soufle nouvo lavi nan Court Street tou. Inite lojman sipò yo espesyalman nesèsè epi yo pral ranpli yon twou vid ki genyen nan sistèm livrezon sèvis nou an. Mwen felisite Helio pou investisman yo fè nan kominote nou an epi mwen remèsye Gouvènè a, ajans eta yo ak lòt patnè ki te reyini ansanm pou fè sa rive."

Chèf Egzekitif Konte Broome Jason Garnar te deklare, "Pwojè sa se yon gwo pa annavan pou kominote nou an. Transfòme bilding sa a nan yon lojman ki an sekirite ak abòdab pral bay moun ki abite nan Konte Broome yo kay ki nesèsè anpil. Mèsi Gouvènè Hochul ak tout moun ki patisipe nan ede fè sa rive."

Majistra Vil Binghamton, Jared M. Kraham, te deklare, "Antanke yon kominote fyè ki an favè lojman, Binghamton pran angajman pou li konstwi tout kalite lojman pou satisfè bezwen rezidan nou yo. Pwojè sa pral revitalize youn nan pi gwo bilding ki te vid nan vil la epi kreye lojman ki an sekirite ak gen sipò pou kèk nan rezidan ki pi vilnerab nou yo, ki gen ladan veteran ki san kay yo. Mesi Gouvènè Hochul ak Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York pou patenarya ak sipò kontinyèl yo."

PDG Helio Health Kathleen Gaffney-Babb te deklare, "Helio Health santi l onore ak rekonesan pou li fè patenarya ak HCR, HHAP, Eagle Star ak CSD pou pote lojman ki nesèsè anpil ak inite Jesyon Ka ESSHI nan reyon Binghamton lan."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)